

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Saméméh ngajéntrékeun ngeunaan desain panalungtikan, dina ieu pedaran ogé dijéntrékeun ngeunaan pamarekan jeung métode anu dipaké dina ieu panalungtikan. Kalawan dina ieu panalungtikan maké pamarekan kuantitatif anu maké métode kuasi ékspérimén. nu miboga udagan pikeun nguji éféktifitas téknik permainan kartu mémo dina pangajaran aksara Sunda.

Ieu hal téh luyu jeung pamadegan Arikunto (2013, kc. 123) yén métode kuasi ékspérimén miboga tilu rupa desain, nyaéta *one shot case study*, *pretest ang posttest group*, jeung *static group comparison*. Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *pretest and posttest group*. Ieu panalungtikan dilaksanakeun dua kali, nyaéta tés awal (*pretest saméméh dibéré treatment*) jeung tés ahir (*saeunggeus dibéré treatment*) kalawan teu maké variabel kontrol. Pola desain ieu panalungtikan téh bisa digambarkeun ieu di handap.

Tabel 3.1
Desain Penelitian

O1	X	O2
----	---	----

Desain panalungtikan *Pre-Test* jeung *Post-Test*
Arikunto (2013 kc. 124)

Keterangan:

- O1 = Kamampuh nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun téknik permainan kartu mémo
- X = Treatment (Pangajaran kalawan ngagunakeun téknik permainan kartu mémo)
- O2 = Kamampuh nulis aksara Sunda sabada ngagunakeun téknik permainan kartu mémo

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VII-A SMPN 2 Lembang taun ajar 2018/2019. Anu jumlahna aya 37 urang, kalawan 18 urang lalaki jeung 20 urang awé

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés dina wanda tés tinulis kalayan wangun non objéktif nya éta wujud paréntah atawa pancén. Lembar soal tés bisa ditinggali dina ieu gambar di handap.

Mata Pelajaran : BasaSunda

Kelas : VII-A

Alokasiwaktu : Dua jam pelajaran

Soal Tés Awal (*Pre-test*) jeung Tés Ahir (*Post-test*)

No. Responden :

Kelas :

Pék salin kecap-kecap di handap kana aksara Sunda.

1. Kelas 7 A =

2. Éndah =

3. Iqro =

4. Saeutik =

5. Laut =

6. Provinsi =

7. No 345 =


8. 68.791 =

9. Camplung =

10. Nyawah =

3.4 Prosedur panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode Kuasi Ékspérimén, kalayan desain *Pre-Test and Post-Test*. Prosedur panalungtikan ditétélakeun dia ieu bagan di handap.



Bagan 3.1
Prosedur panalungtikan

Muhamad Farid, 2019

TÉKNIK PERMAINAN KARTU MÉMO DINA PANGAJARAN AKSARA SUNDA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMPN 2 Lembang Taun Ajar 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun dina prosés ngumpulkeun data nya éta:

1) Masalah anu Karandapan dina Pangajaran Aksara Sunda

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik néangan informasi ngeunaan masalah anu dirandapan dina nulis aksara Sunda ngaliwatan wawancara ka guru Basa Sunda nu aya di SMPN 2 Lembang, hususna ka guuru kelas VII-A;

2) Rumusan Masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, léngkah satuluyna pikeun panalungtik nya éta ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu karandapan nya éta kamampuh nulis aksara Sunda di kelas VII-A SMPN 2 Lembang;

3) Raraga Tiori;

4) Ngarumuskeun Hipotésis;

5) Ngarumuskeun Instrumén;

6) Ngumpulkeun Data (Saméméh jeung sabada ngagunakeun Téknik Permainan Kartu Mémo);

Léngkah nu dilaksanakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data nya éta ku cara ngalaksanakeun tés ka siswa kelas VII-A SMPN 2 Lembang. Tés dilakukeun sacara dua kali, nya éta saméméh ngagunakeun téknik permainan kartu mémo pikeun mikanyaho kamampuh nulis aksara Sunda anu ngajén opat aspék nya éta aksara ngalagena, aksara swara, rarangkén, jeung angka, sedengkeun tés sabada ngagunakeun téknik permainan kartu mémo pikeun mikanyaho kamampuh nulis aksara Sunda anu ngajén opat aspék nya éta aksara ngalagena, aksara swara, rarangkén, jeung angka;

7) Analisis Data

Data anu dikumpulkeun ngaliwatan tés anu dilaksanakeun ka siswa satuluyna dianalisis ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi *SPSS PASW Ver 20*.

8) Nyusun Laporan Panalungtikan

Sabada panalungtik ngalaksanakeun sakabéh prosedur panalungtikan, satuluyna panalungtik nyusun laporan hasil panalungtikan.

3.5 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik anu dipaké dina ngumpulkeun data nya éta téknik tés, pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda kalayan ngajén aksara ngalagena, aksara swara, rarangkén, jeung angka saméméh ngagunakeun téhnik permainan kartu mémo, sarta kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda kalayan ngajén aksara ngalagena, aksara swara, rarangkén, jeung angka saméméh ngagunakeun téknik permainan kartu mémo. Numutkeun Wahyudi (2010, kc. 2) Tés nya éta salahsahiji cara anu bisa digunakeun pikeun ngumpulkeun hiji data hasil diajar. Luyu jeung pamadegan Nugraha (2018, kc. 44) anu nyebutkeun yén évaluasi tés hasil pangajaran mangrupa hiji cara atawa hiji alat anu dipaké pikeun ngukur kahontalna udagan dina pangajaran.

Léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nya éta:

- 1) Ngalaksanakeun tés pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis aksara kalayan ngajén aksara ngalagena, aksara swara, rarangkén, jeung angka Sunda saméméh ngagunakeun Téhnik Permainan Kartu Mémo,
- 2) Sabada kapaluruh kamampuh siswa dina nulis aksara sunda, panalungtik nataharkeun l kalayan ngajén aksara ngalagena, aksara swara, rarangkén, jeung angkangkah satuluyna anu dibutuhkeun dina pangajaran aksara sunda kalayan ngagunakeun Téhnik Permainan Kartu Mémo,
- 3) Ngalaksanakeun tés pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis aksara kalayan ngajén aksara ngalagena, aksara swara, rarangkén, jeung angka Sunda sabada ngagunakeun Téhnik Permainan Kartu Mémo,

3.6 Téknik Analisis Data

Kegiatan nganalisis data dilaksanakeun pikeun nyangking jawaban tina pasualan anu geus ditalungtik. Ngolah data pikeun mikanyaho hasil saméméh jeung sabada ngagunakeu téhnik permainan kartu mémo.

Aya sababaraha léngkah pikeun nganalisis data, nya éta:

- a) Méré peunteun kana kamampun nulis aksara Sunda ku cara ngajén opat aspék nya éta aksara ngalagena, aksara, swara, rarangkén, jeung wilangan ku cara make rubrik ieu di handap.

Tabel 3.2
Kriteria Peunteun Nulis Aksara Sunda

No	Aspék	Skor	Σ soal dijawab	Kat.
1	Aksara Swara	4	5	Luyu pisan jeung kaidah nulis aksara swara (sakabéhna bener)
		3	4	Luyu (Panulisanna sawaréh bener)
		2	3	Kurang luyu (nu benerna saeutik)
		1	1-2	Sakabéh panulisanna salah
		0	0	Teu ngajawab
2	Aksara Ngalagena	4	9	Luyu pisan jeung kaidah nulis aksara swara (sakabéhna bener)
		3	7-8	Luyu (Panulisanna sawaréh bener)
		2	5-6	Kurang luyu (nu benerna saeutik)
		1	1-4	Sakabéh panulisanna salah
		0	0	Teu ngajawab
3	Rarangkén	4	9	Luyu pisan jeung kaidah nulis aksara swara (sakabéhna bener)
		3	7-8	Luyu (Panulisanna sawaréh bener)
		2	5-6	Kurang luyu (nu benerna saeutik)
		1	1-4	Sakabéh panulisanna salah
		0	0	Teu ngajawab
4	Angka	4	9	Luyu pisan jeung kaidah nulis aksara swara (sakabéhna bener)
		3	7-8	Luyu (Panulisanna sawaréh bener)
		2	5-6	Kurang luyu (nu benerna saeutik)
		1	1-4	Sakabéh panulisanna salah
		0	0	Teu ngajawab

b) Méré skor kamampuh nulis aksara Sunda

$$P = \frac{\text{skor } (a+b+c+d)}{\text{skor maksimal } (16)} \times 100$$

- c) Ngasupkeun peunteun jeung skor kritéria nulis aksara Sunda kana format peunteun ieu di handap.

Tabel 3.3

Format Skala Peunteun Nulis Aksara Sunda

Kode Siswa	Aspék nu dipeunteun				Σ	P	Kat.
	A	B	C	D			
Σ							
X							

Keterangan :

- A = Aksara ngalagena
 B = Aksara swara
 C = Rarangké
 D = Wilangan
 Σ = Jumlah skor (A+B+C+D)
 P = Peunteun
 M = Mampuh
 CM = Can mampuh

3.6.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data, dilakukeun ku cara nguji Normalitas jeung Homogénitas.

A. Uji Normalitas

Nurutkeun Pramestri (2017, kc. 2) asumsi kenormalan dilakukeun pikeun mikanyaho naha sampel data kaasup kana populasi normal atawa henteu. Normal henteuna data ditilik tina residualna. Dina SPSS, aya sababaraha métode pikeun nguji asumsi normal atawa henteuna hiji data. Salah sahijina nya éta Kolmogrov Smirnov (KS) atawa Sapiro Wilk (SW), léngkah-léngkah uji normal atawa henteuna hiji data nya éta;

- Susun Hipotésis
Ho: residual distribusi normal
H1: residual distribusi teu normal
- Milih tingkat signifikansi α

Muhamad Farid, 2019

TÉKNIK PERMAINAN KARTU MÉMO DINA PANGAJARAN AKSARA SUNDA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMPN 2 Lembang Taun Ajar 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- Kaputusan uji
Saupama nilai $\alpha = 0,005 < Sig.$ Maka H_0 teu ditolak. Hartina sampel data ngabogaan distribusi anu normal.

B. Uji Homogénitas peunteun

Nurutkeun Pramestri (2017, kc. 3) variansi dina unggal sampel anu dicokot miboga variansi anu tetep atawa konstan variansi dina SPSS, pikeun nguji homogénitas variansi, aya sababaraha léngkah-léngkah statistika Levene ieu di handap:

- Nyusun Hipotesis
 H_0 : Varian sampel homogén
 H_1 : Varian sampel teu homogén
- Milih tingkat signifikansi α
- Kaputusan uji data
Saupama hasil output data tina SPSS nilai $\alpha = 0,005 < Sig.$ Maka H_0 teu ditolak. Hartina variansi data homogén.

C. Uji Hipotésis

Pikeun ngatukeun Uji hipotésis bisa dilakukeun ku dua cara. Saupama data hasil uji normalitas némbongkeun yén data miboga distribusi anu normal, ku kituna éta data dina nangtukeun hipotésisna ngagunakeun hipotésis paramétrik kalawan ngagunakeun uji T-tés. Sedengkeun saupama data anu diuji némbongkeun yén data téh miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun hipotésis *no-parametrik* kalawan ngagunakeun *Wilcoxon Match Pair Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria nu dihandap:

- H_1 : Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII-A SMPN 2 Lembang Taun Ajar 2018/2019 saméméh jeung sabada ngagunakein téknik *Permainan Kartu Mémo*.

- b. H_0 : Euweuh béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII-A SMPN 2 Lembang Taun Ajar 2018/2019 saméméh jeung sabada ngagunakeun téknik *Permainan Kartu Mémo*.

Kritéria nyokot kaputusan tina uji hipotésis saperti ieu di handap.

- Saupama nilai signifiksai (Sig) $< 0,05$, Hartina hipotésis alternatif (H_1) ditarima, hipotésis nol (H_0) ditolak. Hartina *téknik pangajaran permainan kartu mémo* mampu ngaronjatkeun pamahaman siswa dina pangajaran aksara Sunda siswa kelas VII-A SMPN 2 Lembang.

Saupama nilai signifikasi (Sig) $> 0,05$, hartina hipotésis nol (H_0) ditarima, hipotésis alternatif (H_1) ditolak. Hartina *téknik pangajaran permainan kartu mémo* teu mampu ngaronjatkeun pamahaman siswa dina pangajaran aksara Sunda siswa kelas VII-A SMPN 2 Lembang.